



<p>Angajman Paran ak Fanmi Tit I yo Lekòl Piblik nan Kanton Polk la</p> 	<h2 style="text-align: center;">Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2017-2018</h2>		
		<h3 style="text-align: center;">Lekòl Segondè Ridge Community</h3> <h4 style="text-align: center;">Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj</h4> <p style="text-align: center;">Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou <b>BATI BON JAN RELASYON</b> nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou <b>chak</b> timoun, <b>chak</b> fanmi, <b>chak</b> pwofesè, <b>chak</b> jou.</p>	
<p style="text-align: center;">Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.</p>			
<p><b>Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo</b></p>	<p><b>Responsablite Ekip Lekòl la</b></p>	<p><b>Responsablite Paran yo</b></p>	<p><b>Responsablite Elèv yo</b></p>
<p><b>Nivo Akademik Elve</b></p>	<p>Itilize gid aprantisaj distri a bay, mete enstriksyon kalite siperyè e varye ki satisfè kritè reyisit akademik tout elèv nan Florid.</p>	<p>Fikse atant elve pou pitit ou epi fè li vini lekòl chak jou. Sipòte rigè enstriksyon an ak kondisyon pwogram nan e ankouraje pitit ou pou pwofite asistans/aktivite bay leson k'ap fèt nan lekòl lasi nesèsè.</p>	<p>Fè tout jefò w pou w gen siksè lekòl la nan vini nan tout kou yo pou w kapab aprann, epi pran rsponsablite pwòp objektif edikatif ou. Montre konduit kòrèk e atitud pozitif.</p>
<p><b>Kontwòl pwogrè Elèv yo</b></p>	<p>Bay paran yo rezilta pwogrè travay pitit yo a lè. Itilize enfòmasyon nan tèz yo pou varye enstriksyon pou tout elèv.</p>	<p>Anseye pitit ou kouman li enpòtan pou l bay meye sa l ka bay chak jou. Itilize sit Pòtay Paran an regilyèman pou kontwòle pwogrè pitit ou; kontakte pwofesè/konseye pitit ou si w gen dout.</p>	<p>Kontwòle pwòp pwogrè ou nan itilize Pòtay Elèv yo. Mete lòd nan travay ou epi kontwòle devwa yo ba ou ak dat limit yo. Fè tout sa w kapab nan devwa w y oak nan egzamen w yo. Manje e repoze w byen pou w ka bay meye sa w kapab chak jou!</p>
<p><b>Bon Jan Rapò Patisipasyon</b></p>	<p>RCHS ofri aktivite pou bati patisipasyon paran. Patisipe nan aktivite lekòl yo pi souvan posib. Li disponib e pre pou rankont paran planifye avèk konseye lekòl la.</p>	<p>Enfòmè w e patisipe nan edikasyon pitit ou. Patisipe nan SAC/Konsèy Komite Lekòl la, nan Ekip Patisipasyon Paran an. Kontakte RCHS pou plis enfòmasyon. Vini nan reyinyon paran yo.</p>	<p>Patisipe aktivman nan kantite aktivite ou kapab nan etablisman lekòl la. Gen fyète epi pran eksperyans klas segondè ou an men!</p>
<p><b>Kominikasyon Rete Enfòmè</b></p>	<p>Kominike regilyèman ak paran yo konsènan pwogrè elèv yo atravè rankont, rezilta pwogrè elèv yo, email e apèl nan telefòn. Reponn nòt paran yo, email e apèl telefonik yo nan 24 è.</p>	<p>Kominike regilyèman ak pwofesè e/oswa konseye pitit ou. Vizite sit entènèt RCHS la pou w wè nouvel ak enfòmasyon tou nèf. Mande pitit ou fèy piblisite lekòl la voye lakay ou.</p>	<p>Tcheke sit entènèt lekòl RCHS regilyèman pou w gade ki sa ki nouvo. Koute tout anons yo epi li jounal Bolts Bulletin ki afiche nan sal klas la. Remèt paran w oswa responsab ou tout avi ak fèy piblisite lekòl la voye yo.</p>
<p><b>Espas Aprantisaj</b></p>	<p>Kreye yon espas aprantisaj ki gen sekirite, ki sipòtif k'ap ankouraje reyisit elèv yo avèk efikasite. Fasilite yon anyans kote respè pou pwofesè y oak kamarad yo enpòtan anpil.</p>	<p>Angaje pitit ou chak jou nan konvèsasyon konsènan kou ak devwa li te genyen. Pran pati nan kontakte konseye pitit ou pou w mande yon rankont.</p>	<p>Respekte tèt ou, administrasyon lekòl ou, pwofesè ou e kamarad ou nan montre atitud pozitif ak konpòtman kòrèk.</p>
<p><b>Vizite sit entènèt <a href="http://WWW.POLK-FL.NET">WWW.POLK-FL.NET</a> pou enfòmasyon enpòtan:</b></p> <p>Sit PARENT PORTAL: <a href="http://www.polk-fl.net/parents/parentportal.htm">www.polk-fl.net/parents/parentportal.htm</a>  <b>POU VOLONTÈ:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/community/volunteers">www.polk-fl.net/community/volunteers</a>.  <b>SANT PARAN YO:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm">www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm</a>  <b>INIVÈSITE PARAN AN:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm">www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm</a>  <b>KONDISYON LEKÒL FLORID YO:</b> <a href="https://flstandards.org">https://flstandards.org</a>  <b>EGZAMEN:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/parents/testing">www.polk-fl.net/parents/testing</a>.  <b>Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis:</b> <a href="http://www.polk-fl.net/oswa">www.polk-fl.net/oswa</a> rele nan <b>534-0588</b></p>		<p>Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.</p> <p style="text-align: center;"><b><a href="http://www.ridgecommunityhigh.com">www.ridgecommunityhigh.com</a></b></p> <p>Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. <b>(863)419-3315</b></p> <p><b>Paraf:</b>  Paran _____  Elèv _____  Pwofesè _____</p> <p style="text-align: right;">Yo te debat pake kontra sa a nan dat _____.</p> 